*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№168 (26381)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2025 азы 16 сентябрь – рухæны мæйы 16 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 НЫМÆЦТÆ *Уæййаг кæсаджы бæрцыл бафтыд*

3 ÆГЪДÆУТТÆ *Аланты Ныхасы сидт*

4 АИВАД *Æвæджиауы музыкалон цау*

Хицауады æмбырд

## Программæ йæ тыхы бацыд, ахуыргæнджытæ хъæуты кусын райдыдтой

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд республикæйы Хицауады радон аппаратон æмбырд. Министртæ, ведомствæты разамонджытæ æмæ районты сæргълæуджытæ æрныхас кодтой ивгъуыд къуырийы бæрæггæнæнтæ æмæ ног нысантыл.**



Хицауады Сæрдары хæдивæг **Томайты Ирбег** йæ доклады фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр.

– Цæгат Ирыстоны æппæт сæрмагонд службæтæ дæр архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæры. Транспорты æппæт хуызтæн дæр фадат ис Арвыком æмæ Транскамы фæндæгтыл ацæуынæн. Арвыкомы фæндагыл ацæуынмæ электрон рады æнхъæлмæ кæсынц 2,5 мин автотранспортон иуæджы. Ивгъуыд къуырийы дæргъы Уæрæсе æмæ Гуырдзыстоны арæныл дыууæрдæм ахызтысты 27,5 мин автотранспортон иуæджы æмæ 73 мин адæймагæй фылдæр, – загъта Томайы-фырт.

Мидхъуыддæгты министрады хъусынгæнинагмæ гæсгæ, 8 сентябрæй 14 сентябрмæ Цæгат Ирыстоны æрцыд 104 фæндаггон фыдбылызы. 22 адæймаджы дзы бавзæрстой хъыгдард, æмæ сæ æвæстиатæй рынчындæттæм аластой. Хъыгагæн дзы æртæ адæймаджы фæмард сты.

«Роспотребнадзор»-ы Цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Тыбылты Аланы** раныхасмæ гæсгæ, ОРВИ-йы тыххæй медицинон уагдæттæм ивгъуыд къуырийы дæргъы æххуысмæ чи бадзырдта, уыдоны нымæц чысыл фæфылдæр. 15 адæймагмæ дзы сбæрæг коронавирус.

Республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ** фехъусын кодта, 10 æрыгон ахуыргæнæджы программæ «Земский учитель»-мæ гæсгæ хъæуты кусын кæй райдыдтой, уый. Ноджы ма, министры ныхасмæ гæсгæ, 56 мин скъоладзауæн лæвæрд цæуы хъарм хæринаг.

Дзанайты Барис ахуырад æмæ наукæйы министрæн бафæдзæхста дарддæр дæр республикæйы «Роспотребнадзор»-ы амынддзинæдтæ æххæст кæнын, ахуыргæнæндæтты ахæццæ кæнын гриппы ныхмæ мадзæлттæ, уыдонимæ – райсомæй сывæллæттæм цæстдард фæкарздæр кæнын, стæй сын гриппы ныхмæ прививкæтæ скæнын.

Республикæйы транспорты комитет архайы, Беслæны транспортимæ баст цы риссаг фарстатæ сæвзæрд, уыдон алыг кæныныл. Уый тыххæй фехъусын кодта профилон комитеты сæрдар **Закаты Алан**. Раздæр социалон хызты Беслæны цæрджытæ хъаст кодтой, æхсæнадон транспорт нывыл кæй нæ цæуы, уымæй. Закаты Алан ма фехъусын кодта, транспортимæ баст фарста тагъд рæстæджы Хъæдгæроны дæр лыггонд кæй æрцæудзæн, уый.

Аппаратон æмбырды ма раныхас кодта Цæгат Ирыстоны Æвзарæн къамисы сæрдары хæдивæг **Хъуыдакаты Сослан**. Куыд загъта, афтæмæй нæ республикæйы районты Хицауады муниципалон оргæнтæм æвзæрстытæ ацыдысты бæрзонд æмвæзадыл. Æвзæрстыты рæстæг закъонхалæн цаутæ бæрæггонд не 'рцыд.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг фарстатыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Уæрæсейы Хъæбатыры юбилей

## Мæздæггаг хъайтар

**Не 'мзæххон Виктор ВЕЛИЧКОЙЫЛ сæххæст 50 азы! Уæрæсейы Хъæбатыр райгуырд 1975 азы Мæздæджы горæты. Йæ сабибонтæй бæллыд афицер суæвынмæ, æмæ йын æнтысгæ дæр бакодта.**



Каст фæцис мæздæггаг астæуккаг скъола, стæй йæ ахуыр адарддæр кодта 13-æм профессионалон техникумы. Уый фæстæ йæм службæмæ фæсидтысты Гæрзифтонг тыхтæм. Службæ кодта Цæгат-Кавказаг хæстон зылды мотоæхсæн гвардион 693-æм полчъы танкты дæлхайады Дзæуджыхъæуы бынмæ, Зæрæмæджы хъæуы. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ йæ снысан кодтой ротæйы старшинайæ.

Цæцæны цаутæ куы райдыдтой, уæд Виктор Величко барвæндонæй ацыд уырдæм. Мидхъуыддæгты министрады Мидæггаг æфсады Дзæуджыхъæуы Командæкæнынады уæлдæр хæстон училищæ æнтыстджынæй каст фæцис æмæ йæ службæ афицерæй адарддæр кодта Мидæггаг æфсады сæрмагонд къорды. Архайдта дыккаг цæцæйнаг хæсты дæр.

2006 азы каст фæцис Уæрæсейы Гæрзифтонг тыхты Иумæйаг æфсады Академи. Не 'мзæххон кæмфæнды дæр æвдыста хъæбатырдзинад, æвзыгъдзинад. Йæ уынаффæтæ кæддæриддæр уыдысты раст æмæ афойнадал лæвæрд. Æфсады йын уыд кад, йæ дæлбар уæвæг адæм дзы разы уыдысты. Уæрæсейы Президенты Указæй 1995 азы Виктор Величко хорзæхджын æрцыд Уæрæсейы Хъæбатыры номæй.

Сæрмагонд хæстæ æххæстгæнгæйæ, хъæбатырдзинад æмæ лæгдзинад равдисгæйæ, старшина Виктор Величкойыл сæмбæлд бæстæйы Президенты хорзæх... Цæгат Ирыстоны æхсæнадон царды дæр сæрæнæй архайдта, уыд РЦИ-Аланийы Парламенты депутат. У Мидхъуыддæгты оргæнты дæлбулкъон.

Хæлардзинад

## Адæмтæ – бирæ, Райгуырæн бæстæ – иу

**Адæмты Хæлардзинады республикон хæдзары регионалон æхсæнадон организаци «Дагестайнаг националон-культурон центр «Дагестан» цы мадзал сарæзта, уый баст уыд Цæгат Кавказы ацы республикæйы цæрæг адæмты иудзинадимæ.**



«Адæмтæ – бирæ, Райгуырæн бæстæ – иу» æй хуымæтæджы не схуыдтой. Уæвгæ, республикæйы Национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты фæдыл министрад Адæмты хæлардзинады хæдзаримæ стыр æргом здахынц ацы фарстамæ. Мадзалы сæйраг нысан – фæсивæды патриотизм, адæмыхæттыты æмсæр æмæ хæлар ахастытæ, кæрæдзийæн æххуыс, иудзинадыл амидин кæнын, Уæрæсейы хъахъхъæнджытæй сæрыстыр уæвын æмæ сын аккаг аргъ кæнын. Ахсджиаг у, Ирыстон йæ чысыл райгуырæн бæстæ кæмæн ссис, уыдонæй аккаг граждæнтæ схъомыл кæнын.

Фæсивæды базонгæ кодтой бæрæгбоны равзæрды историимæ. Йæ сарæзтыл бирæ кæд нæма рацыд, уæддæр, рæстæг куыд равдыста, афтæмæй бæрæгбонæн стыр ахадындзинад ис. Иуæндæс азы размæ йæ регионы бирæнацион адæмы æрбангом кæныны охыл расидтысты Дагъистаны адæмты æртыккæгæм съезды. Мадзал ахызт арæнты сæрты, бæрæг кæнын æй райдыдтой Цæгат Ирыстоны дæр. Цы адæм æрбамбæлд Хæлардзинады хæдзармæ, уыдон ма иу хатт ууыл дзурæг сты, æмæ кæрæдзийы æмбарындзинад æмæ адæмты хæлардзинадæн стыр ахадындзинад кæй ис нæ æхсæнадон царды. Уазджыты арфæйы ныхæстæм лæмбынæг хъуыстой залы бадджытæ.

– Ахæм бæрæгбæтты фæрцы адæм кæрæдзийы хуыздæр æмбарынц. Ирыстон бирæнацион республикæ у, Дагестанимæ рагæй дæр культурон ахастдзинæдты фæрцы нæ ахастдзинæдтæ фидардæр кæнынц, – зæгъы республикон культурон центр «Дагестан»-ы сæрдар **Муртазали Магомедов.**

Дагестайнаг бирæнацион адæмтæ хорз зонынц æмæ уарзынц сæ фысджытæ æмæ поэтты сфæлдыстад. Хæстæг æмæ уарзон сты Ирыстоны цæрджытæн дæр лезгинаг поэзийы бындурæвæрæг Сулейман Стальский, авайраг поэттæ Гамзат Цадаса æмæ Расул Гамзатов. Се сфæлдыстад хæстæг у уыдонæй алкæмæн дæр. Стыр цымыдисæй бакастысты бæрæгбоны темæйыл видеоæрмæджытæм, байхъуыстой дагестайнаг поэтты æмдзæвгæтæй арæзт литературон композицимæ. Мидисджын рауад бæрæгбон, сæйрагдæр та, йæ архайджытæ сæхиуыл банкъардтой хæлардзинады тых æмæ йæ ахадындзинад не 'рвылбоны царды.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**авторы ист къам**

Бæрæгбон

## Ирон бæгæны – нæ фынджы фидауц

**Ралæууыд бæркадджын фæззæг æмæ та йемæ æрбахаста Нæртон бæгæныйы рæсугъд бæрæгбон. Ирыстоны хъæутæ æмæ горæтты цæрæг куырыхон æфсинтæ ерысы бацыдысты, чи хуыздæр, чи хæрзаддæр сфыццæнис, нæ рагфыдæлтæ стыр кадимæ кæмæй куывтой, уыцы сыр-сыргæнаг бæгæны. Уыдонимæ Æрыдоны районы «сатанатæ» дæр архайдтой VIII национ-культурон фестиваль-конкурс «Ирон бæгæны-2025»-ы.**




Культурæйы галуан уыд бæрæгбонхуыз. Алы архайæг дæр йæхи хорз кæй бацæттæ кодта, уый бæрæг уыд сæ фынгæвæрдæй. Фынгтыл – нартхоры кæрдзын, дзыкка, сир, задын, дзæрна, цыхт, цывзыдзæхдон, нас, дыргътæ, халсартæ, адджинæгтæ æмæ æндæр хиконд æмæ хи цæхæрадонæй хаст хойраг.

Уазджытæ цымыдисæй кастысты, районы чиныгдоны кусджытæ цы чингуыты равдыст бацæттæ кодтой, уымæ. Фенæн дзы уыд, ирон бæгæныйы тыххæй бирæ азты цы æрмæджытæ мыхуыргонд æрцыд, уыдоны иугонд – «Ирон фынджы æгъдæуттæ», «Нарты кадджытæ» æмæ æндæр чингуытæ.

Бæрæгбонамонæг уазджыты базонгæ кодта ерысы архайджытимæ: Æрыдоны минæвæрттæ – **Хъаирты Фатимæ, Байсонгъуырты Маринæ** æмæ **Хынцæгты Аленæ.** Фыййаджыбылæй ерысы архайдта ивгъуыд азы уæлахиздзау **Плиты Фатимæ**, Кировы хъæуæй – **Тохтиаты Маринæ**, Рассветы хъæуæй – **Хуыбаты Гульнарæ,** æрыгон лæппу **Александр Сошнев** æрбацыд Красногорæй, Хъæдгæронæй – дæсны бæгæныфыцæг **Хуытъинаты-Хуыбаты Зинæ**. Хорз бæгæны цæмæй бæрæг вæййы, уыцы бæрæггæнæнтæм гæсгæ хатдзæгтæ кодтой къорды уæнгтæ, сæ сæргъы – бæгæныфыцæн компани «Бавари»-йы бæрнон кусæг **Куыдзойты Юри**, уыимæ районы Сылгоймæгты советы сæрдар **Калоты Эммæ**, районы Ветеранты советы сæрдар **Бадриты Мырзабег** æмæ Культурæйы галуаны директоры хæдивæг **Бязырты Таймураз**. Ерысы архайджытæ æмæ æппæт уазджытæн зæрдиаг арфæ ракодта Æрыдоны районы сæргълæууæг **Мæрзаты Владислав.**

– Æхсызгон куыд нæ у, нæ ирон æгъдæуттæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ кæй цæуынц, уый. Хорæй конд бæгæны у нæ фынджы фидауц, йæ цин, йæ бæркад. Арфæ кæнын нæ буц æфсинтæн, сæ къухты фæллой цины хъуыддæгты куыд хъæуа, ахæм амонд не 'ппæты дæр уæд! – загъта Мæрзайы-фырт. Æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас»-ы Æрыдоны районы хайады сæрдар **Хъесаты Сталбег** бæгæныйы къусæй скуывта æртæ чъирийы. Кæстæртæ йын «оммен» кодтой.

Цалынмæ къорды уæнгтæ, бæгæны аходгæйæ, хатдзæгтæ кодтой, уæдмæ хъазты фæзы районы хихъæппæрисадон къордтæ æвдыстой сæ арæхстдзинад. Адæмы тыхджын къухæмдзæгъд кодтой Дзугаты Бартуйы номыл ирон зарæггæнджыты къордæн, хъазахъхъаг зарæггæнджытæ «Берзаюшка»-йæн, культурæйы галуаны вокалон къордтæ «Галатея», «Дети Осетии», «Звездочки», Кировы хъæуы Культурæйы хæдзары ансамбль «Кафты базыртыл», зарæггæнæг **Николай Синоков** æмæ иннæтæн.

Ерысы архайджытæй Байсонгъуырты Маринæ бацæттæ кодта цыбыр театралон скъуыддзаг бæгæныйы равзæрды тыххæй, Хынцæгты Аленæ та адæмы зæрдæтæ барухс кодта йæ аив зардæй.

Нæ республикæйы Культурæйы министрад æмæ Адæмон сфæлдыстады республикон хæдзары номæй арфæйы ныхæстæ загъта **Скъаты Марат**, Адæмон сфæлдыстады хæдзары хайады сæргълæууæджы хæдивæг.

Æрыдоны Культурæйы галуаны директор **Тауытты Арсен** арфæ ракодта бæгæныфыцæн компани «Бавария»-йæн æмæ уæлдай бузныг загъта ацы рæсугъд бæрæгбоны бындурæвæрæг, нæ республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг **Битарты Ларисæйæн.**

– Бæгæнытæй алкæцыдæр уыд хорз. Уæддæр хуыздæрты сбæрæг кодтам, – загъта къорды сæрдар Куыдзойты Юри æмæ фехъусын кодта, 26 сентябры Хъобангомы «Альпина-парк»-ы кæй уыдзæн фестивалы кæронбæттæн. Архайдзысты дзы 20 бæгæныфыцæджы республикæйæ, Уæрæсе æмæ суанг фæсарæнтæй дæр.

Æрыдоны районы хуыздæр бæгæныфыцджытæ дæр сбæрæг сты. Æртыккаг бынат райста кировыхъæуккаг **Тохтиаты Маринæ.** Дыккаг бынат саккаг кодтой æрыдойнаг **Хъаирты Фатимæйæн**, Рассветы хъæуы минæвар **Хуыбаты Гульнарæ** ссис фестиваль-конкурс «Ирон бæгæны-2025»-ы уæлахиздзау. Ерысы архайджытæй алкæмæн дæр раттой Кады гæххæттытæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ, уæлахиздзаутæн та ма – æхцайы премитæ дæр.

– Бæгæны фыцын мæ фыды мад Хъороты Соняйæ базыдтон. Кæнын æй сыгъдæг хоры задæй. Кувгæйæ, арфæтæ кæнгæйæ, фæархайын зæрдиагæй, æндæр дзы, мæ хъуыдымæ гæсгæ, ницы сусæгдзинæдтæ ис, – загъта Гульнарæ æмæ зæрдæбын арфæтæ ракодта бæрæгбон саразджытæн.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Нымæцтæ

# Уæййаг кæсаджы бæрцыл бафтыд

**Цæгат Ирыстоны зынгæ фæфылдæр ис уæййаг кæсаджы бæрц. Ацы азы авд мæймæ 33 проценты фылдæр фæцис, уæййаг кæсаг рауад 4,2 мин тоннæйы.**

**Республикæйы разамынд куыд æмбарын кæнынц, афтæмæй кæсагдарыны куыст хъæуүон хæдзарады у ахъаззаг. Цæгат Кавказы федералон зылды кæсагдарыны стæм раззагдæр бынаты. Уыцы бæрæггæнæнтыл азæй-азæмæ æфты.**

**Нырмæ уал ауæй кодтой кæсаджы 2,8 мин тоннæйы, уый фароны уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, у 20 проценты фылдæр. Республикæйы кæсаг дарынц дæсгай куыстуæттæ. Федералон программæты фæрцы фермертæм хауы ахадгæ æххуыс. Хи хъуыддаг байгом кæныны нысанимæ республикæйы цæрджыты бон у гранттæ райсын, кæнæ сæ сæ архайды бавæрын.**

**Хъуыддаг æрмæст кæсагдарынимæ баст нæу, фæлæ æндæр рæстаг хъуыддæгтимæ дæр.**

*Нæ уацхæссæг*



Ахуырад

# Аграрон кълæсты фыццаг тыллæг

**Уæрæсейы, уыимæ, Цæгат Ирыстоны хъæуүонхæдзарадон дæсныйæдтæ райсын кæй фæнды, уыцы ахуырдзаутæн скъолаты арæзт æрцыдысты агрокълæстæ. Сæ нысан у, национ проект «Технологон ифтонгад хойраджы æдасдзинады»-ы иу хай царды рауадзын. Аграрон къабаз бизнесимæ иумæ хорз фадат дæттынц ныриккон домæнтимæ куыстуаты аккаг мызд исынæн.**



Республикæйы дыууадæс скъолайы кусынц аграрон кълæстæ, уалдзæджы ралæудимæ скъоладзаутæ Хæххон аграрон институты кусджытимæ зылдысты халсартæм, ныр ралæууыд бæркадджын тыллæг æфснайыны рад. Æрыдоны районы Нартыхъæуы скъолайы аграрон къласы ахуырдзаутæ сæ хуымтæй цы халсартæ систой, уыдон раттой скъолайы хæрæндонмæ. Кабачкитæ, баклажантæ, пъамидортæ, цæхæратæ æмæ уырыдзы, хъæдындзтæ æмæ хъæдур, картоф, стæй нартхор æмæ æндæр халсартæм зæрдиагæй зылдысты халсарты æрыгон куыстгæнджытæ. Зæхмæ куыд базилай, тыллæг дæр афтæ ратдзæн. Зæххы куысты бирæ ногдзинæдтæ базыдтой уыцы рæстæгмæ.

Ног ахуыры азæй сæ архайд рахиздзæн бæрзонддæр æмвæзадмæ. Скъолайы нысан кæнынц сæрмагонд кабинет ахуыр кæныны æрмæджытæй сифтонг кæнын. Иуæй-иу предметтæ дзы ахуыр кæндзысты арфдæр.

Зæххы куыстæй уæлдай скъоладзауты 'ргом здахынц дыргъы куыстмæ дæр. Ныссагътой алыхуызон дыргъбæлæстæ, ног технологитæм гæсгæ сæм зылдысты. Хæххон аграрон университет лæмбынæг хъус дары сæ архайдмæ, къуыри иу хатт æрцæуынц ахуыргæнæндонмæ æмæ скъоладзаутæн амонынц, куыд зилын хъæуы йæ райдайæнæй суанг йæ кæронмæ, цæмæй халсартæ æмæ дыргътæй хорз тыллæг сисой.

Æвдæм къласы ахуырдзаутæ биологи арфдæр ахуыр кæнынц, æстæм къласы та – хими дæр. Агрокълæсты канд картоф губакк кæнын, кæнæ хæмпæлгæрдæг рувыныл нæ ахуыр кæнынц. Агротехнологитæ сæ бынаты нæ лæууынц, сæ куысты хъæуүон хæдзарады фæллойгæнджытæ уæрæх пайда кæнынц ныриккон гаджеттæй, уый фылдæр агрохолдингтæм хауы. Афтæ, быдыртæм хæссынц хъацæнтæ, æнæпилотон тæхæг аппараты фæрцы, сæ руаджы цæст дарынц тыд культуртæм. Хъæуүон хæдзарады кусæджы дæсныйæдтæ кæнынц цымыдисдæр æмæ сæ цæттæ кæнынæн скъолаты аграрон кълæсты рæвдз кæнынц фидæны зындгонд селекционертæ æмæ ног теоритæ расидæг ахуыргæндты.

**ФÆРНИАТЫ Мæдинæ,**
**Нартыхъæуы скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæг**

Медицинæ

# Низтæй бахизынæн

**Афæдзы райдайæнæй нырмæ цæгатирыстойнæгтæ парахатæй æххæст кæнынц низтæй бахизыны фæдыл национ проект «Дæргъвæтин æмæ активон цард».**

**Проекты фæрцы нæ регионы цæрæг 177 мин адæймагæй фылдæр диспансеризаци ацыдысты, медиктæ 96 мин сывæллоны æнæниздзинады уавæр раиртæстой.**

**Специалистты уынаффæтæ, стæй ультрæзæлон, лабораторон æмæ æндæр иртæстытæ кæдæм хауынц, ныридæгæн 30 мин цæгатирыстойнагæй фылдæр ахæм программæйы архайдтой.**

**– Æнæмæнг æххæстгæнинаг медицинон фæдзæхстады руаджы нæ республикæйы цæрæг адæмæн ис ацы иртæстытæй лæвар спайда кæныны фадат. Низтæ рагацау раргом кæныны хъуыддагмæ уæлдай фылдæр æргом кæй здахæм, уый фæрцы адæмы царды хæрзхъæддзинад уæлдæр кæнæм, – зæгъы нæ республикæйы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр Тебиаты Сослан.**

**Медиктæ рагацау кæй раргом кæнынц, уыцы низтæй адæймаджы бахизыны фадат вæййы. Нæ республикæ низтæй бахизыны фæдыл куыст дарддæр æххæст кæндзæн.**

**ДЖИХАТЫ Стэллæ**



Культурæ

# Ирыстойнаг режиссер, продюсер æмæ актрисæ

## (ТУАТЫ Теминæйы райгуырдыл сæххæст 80 азы)

**Уæрæсе æмæ Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт кусæг, Хетæгкаты Къостайы премийы æмæ национ преми «Нарты фæткъуы»- йы лауреат, Хуссар Ирыстоны «Хæлардзинады орден»-æй хорзæхджын, дæсгай документалон кинонывты режиссер æмæ продюсер абон бæрæг кæны йæ юбилей.**



Киноисынады йæ фæллæйтты номхыгъды бирæ егъау кинофестивальтæ сты. «Граждане Беслана» – приз «Серебряная ладья» æстæм кинофестиваль «Окно в Европу»-йы, Францы, Штутгарты, Ригæйы, Чехийы, Финляндийы уæрæсейаг кинойы фестивальты райста Гранпритæ. Хъуыстгонд сты йæ кинонывтæ «Кто ты, король Артур?», « Венгерская Алания», «С Осетией в сердце». Куыд продюсер, бакуыста кинонывтыл «Аланы. Новый завет», «Ясыня», Тур Хейердалы чиныджы æрмæджытæм гæсгæ – кинонывыл «В погоне за Одином».

Йæ алы уæлахиз дæр хицæн ныхасы аккаг у, фæлæ Уæрæсейы Кинематографистты цæдисы Цæгат Ирыстоны республикон хайады разамонæг **Чъерджиаты Индирæйы** хъуыдымæ гæсгæ, нæ историйы азфысты кинолентыл равдисыны хъуыддаджы бирæ хæрзты бацыд адæмæн, ВГИК-ы рауагъдон алайнаг темæйыл æнæхъæн сери скæнгæйæ:

– Æцæг профессионал у Туаты Теминæ, йæ документалон, наукон кинойы серитæ сты бæрзонд æмвæзадыл арæзт. «Аланы. Дорога на Запад» – европæйаг историйы аланты фæзынд, документалон кинойы бæрзонддæр æмвæзады ист кинонnetwork! Бæркадджын у, куыд режиссер æмæ продюсер, йæ архайд профессионалон кинойы йæ цардæмбал, курдиатджын адæймаг Бзарты Бердимæ. Телеуынынады кинойы редакцийы кусгæйæ сын бантыст æвæджиау документалон кинонывтæ Дударaты Вероникæ æмæ иннæ хъуыстгонд адæймæгтыл сисын, – зæгъы Индирæ. Уæвгæ, Туаты Теминæйы бинонтæ æгасæй дæр сфæлдыстады уацары сты. Дæсны режиссеры фыд у Туаты Дауыт, зындгонд ирон драматург. Куыд актрисæ, афтæ ахъазыд аивадон кинонывтæ «Загадка кубачинского браслета»-йы – Саидæйы ролы, «Седьмая пятница»-йы – Мурадийы усы, «Древо желаний»-ы – Наргизæйы. Йæ дыууæ чызджы дæр ацыдысты сæ ныййарджыты фæндагыл, æнтыстджынæй кусынц кино исыны къабазы.

Туаты Теминæ кæмфæнды ма уыдаид æмæ куыстаид, мæскуыйаг, цæгаткавказаг, æви бынæттон кинематографисттимæ, алы ран дæр ныууагъта арф фæд. Ирыстонæй ВГИК-ы киноамонджыты факультет фыццагдæр каст чи фæцис, уый уыд Теминæ. Йæ рæстæджы Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт кусæг Рафаэль Гаспарянц афтæ загъта Теминæ Дауыты чызгæй, зæгъгæ, Туаты Теминæ æнæхъæнæй дæр у кинойы адæймаг. Сарæзта æмæ æнтыстджынæй кусы йæ киновидеостуди «Нарт – Арт». Уæрæсейаг Кинематографийы департаменты 'ххуысæй йын бантыст 50 кинонывы сисын, уыдонимæ – «Забытая победа», «С Осетией в сердце» æмæ æндæртæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**

Барадхъахъхъæнджытæ

# Миграцион фарстатæ æвзарынц

**Пъæлицæйы майор АЛЫККАТЫ Фатимæ æхсæз азы дæргъы ахсы Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады миграцион фарстаты дæлхайады хицауы бынат.**



Дæлхайады службæгæнджыты (сæ фылдæр хай сты сылгоймæгтæ) хæс у федералон закъонæвæрынад æмæ нормативон акттæ бæстон зонын, куысты хæстæ æххæст кæныны заман фæразондзинад, æрхъуыдыдзинад æвдисын, стæй адæмæн хорздзинад кæныныл архайын. Æрвылбон дæлхайады кусджытæм чи бахаты, уыцы адæмæй алкæмæн дæр ис хи цардвæндаг, хи лыггæнинаг фарстатæ.

Куысты хæстæ æххæст кæнгæйæ, дæлхайады службæгæнджытæ арæх æрныхас кæнынц фæсарæйнаг, стæй æнæ граждайнадæй адæймæгтæн Уæрæсейы рæстæгмæ цæрыны бардæттæг гæххæттытæ раттыны фарстатыл. Ацы гæххæтт дæттыны заман пъæлицæйы кусæджы хæс у æппæт хъуыддæгтæ биноныг сбæлвырд кæнын.

1992 азы Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты химион-биологон факультет каст фæуыны фæстæ Алыккаты Фатимæ иуцасдæр рæстæг Дзæуджыхъæуы 15-æм скъолайы ахуыргæнæгæй бакуыста. Фæлæ æрыгон педагогы царды фæзындысты ивддзинæдтæ.

Университеты ахуыры заман дæр Фатимæ йе 'ргом здæхта миграцион фарстатæм æмæ афтæмæй 1998 азы сылгоймаг кусын райдыдта нæ республикæйы сæйраг горæты Цæгат-Ныгуылæйнаг муниципалон зылды мидхъуыддæгты хайады паспортон-визон службæйы дæлхайады.

Ныр æнусы цыппæрæм хайæ фылдæры дæргъы Фатимæ лыг кæны миграцион фарстатæ, стæй, адæм паддзахадон лæггæдтæй цæмæй пайда кæной, уымæн фадæттæ аразы. Миграцион фарстаты дæлхайады разамонæджы бынат æрцахсыны размæ сылгоймаг дзæвгар рæстæг æнтыстджынæй бафæллой кодта хуымætæджы инспекторæй. Ведомствæйы куыст цæмæй æнæлазæй цæуа, уый тыххæй куысты хæйттæ кусджыты æхсæн æмбæлы нывыл уагæй байуарын.

Æрвылбон Фатимæ æмæ йæ дæлбар кусджытæ æвзарынц фæсарæйнаг адæймæгтæн Уæрæсейы цæрыны бардæттæг гæххæттытæ.

– Нæ бæрнон куыст цæмæй æнæкъуыхцыйæ цæуа, уый тыххæй хъуыддæгтæ æмбæлы лæмбынæг бæлвырд кæнын. Чи нæм æрбахаты, фæсарæнтæй æрбацæуæг уыцы адæмы фылдæр хай уырыссагау дзурын зонынц, фæлæ уавæр къухты æнгуылдзтæй дæр амонын кæмæн бахъæуы, хатгай фæсарæйнæгты æхсæн уырыссагау ахæм нæзонджытæ дæр разыны. Æрбацæуæг адæм нæм уавæр цæмæй биноныг рахатой, æппæт гæнæнтæй, ууыл архайæм, – зæгъы пъæлицæйы майор.

Миграцион фарстаты дæлхайады кусджытæ уæлдай фылдæр æргом здахынц дактилоскопийы (ома, къухты æнгуылдзты фæдты) хъуыддагмæ. Дактилоскопийы фæрцы адæймагæн хатгай вæййы æнæнхъæлæджы уагæй фесæфæг документтæ ногæй саразыны фадат. **Фиппаинаг:** иуæй-иу ныгуылæйнаг бæстæты æнæмæнг æххæстгæнинаг чи у, уыцы амынд дактилоскопи Уæрæсейы баххæст кæнæн ис барвæндонæй.

– Нæ куысты хæстæ биноныг æххæстгæнинаг сты, уымæн æмæ хатгай миграцион документты чи фæзыны, уæвæн ис, æмæ уыцы чысыл рæдыд дæр адæймаджы хъысмæтыл цæхгæр фæбæрæг уыдзæн. Адæмæн цас фылдæр хорздзинæдтæ рахай кæнæм, уый бæрц фылдæр хорздзинæдтæ нæм æрбаздæхдзæн, – зæгъы Алыккаты Фатимæ.

**ГÆЗЗАТЫ Зæринæ,**
**Алагиры районы мидхъуыддæгты хайады инспектор**

Æгъдæуттæ

# Аланты Ныхасы сидт

**Аланты Ныхасы Æгъдауы комитет, Координацион советы уæнгтæ æмæ мыггæгты æвзæрст лæгтæ æрныхас кодтой, фæстаг азты зианы кæндты чи фæзынд æмæ Æгъдауы домæнтимæ æмдзу чи нæ кæны, уыцы митыл. Сæ хъуыдытæ дзыллон информацион фæрæзтæ фæхæццæ кодтой адæмы размæ. Уый фæстæ Ныхасмæ æрцыд бирæ фиппаинæгтæ æмæ курдиæттæ. Уыдон бахынцгæйæ, Аланты Ныхас Ирыстоны адæмы размæ хæссы ацы сæрмагонд Сидт.**

уæй та нæ адæмæн фидæн нæй. Уым æвæрд ис нæ уд. Макæмæ кæсæнт мардæвæрæн æгъдæуттæ хуымæтæг этикеты хуызæн. Уæд сæм нæ фыдæлты бирæ фæлтæртæ ахæм лæмбынæг цæстæнгас нæ дардтаиккой æмæ сæ афтæ бæстон не'ххæст кодтаиккой. Мах хæс у сæ бахъахъхъæнын æмæ сæ



Æгъдау тыххæй кæнгæ нæу, бардзырдтæй йын æххæстгæнæн нæй. Аланты Ныхас дæр нæ фыдæлты каддджын æгъдæуттæ нæ ивы. Фæлæ хæдзар рæстæгæй-рæстæгмæ быронæй куы нæ сыгъдæг кæнай, уæд дзы цæрын æмæ архайыны фадат нал вæййы.

Зианы кæндты арæх вæййы фехъусæн: «Гъеныр ай цы у, æмæ кæцæй æрцыд, раздæр нæм куы нæ уыдис, уæд?» Не'ппæт дæр æмбарæм, цы 'мбæлы, цы – нæ, фæлæ иугæйттæй нæ бон нæ вæййы фыдуынд митæ баурæмын, æххæст сæ кæнæм кæрæдзимæ гæсгæ. «Мæныл куы асхъуына, уæд адæм цы зæгъдзысты?» Афтæмæй нын кæйдæр сæрæй æрхъуыдыгонд æмæ иннæ адæмтæй æрбайсгæ цæхджын митæ нæ арф мидисджын æгъдæуттæ сындæггай халынц, фыдæлты Фарнæй сæ хицæн кæнынц. Æнæ фидар Æгъдасыгъдæгæй кæстæртæм раттын. Уæд сын сæфынæй тас нал уыдзæн.

Уыдæтты бындурыл уæм сидæм: уæ хорзæхæй, æркæсут ацы хъуыддæгтæм, æрныхас кæнут мыггæгты, сыхты, хъæуты, æмæ дзы разы цæуыл стут, уыдон аппарынил иумæ баныхас кæнæм. Разы цæуыл не стут, уымæн та уæ бар уæхи у. Рæстæг цæудзæн æмæ Фарн хæсдзæн.

## Зианы кæндты аппаринаг фæзындтæ:

**1. Мæрдæхсæвæр кæнын, фыццаг дыууæ сабатизæртæм лæгтæм дзурын.**

Хæдзарыл-иу мард куы 'рцыди, уæддиу уым æртæ боны арт дæр нæ кодтой. Чырыны раз чи бады, уыдонæн сыхæгтæ æмæ хиуæттæ æхсæвæрæн æрæвæрынц фых кæрчытæ, хойраг, хуымæтæг нозт. Мард хæдзары, афтæмæй фыс æргæвдын, лæгты бадын кæнын æмæ нозт, хойраг, фыдызгъæл хæлар кæнын у фыдынд, цы не'мбæлы, ахæм хъуыддаг. Райстам æй кæмæйдæр. Цæгат Ирыстоны йæ фылдæр сыхты нал кæнынц. Фæлæ чидæртæ тыххæй ныллæууынц, скæнæм æй, зæгъгæ.

**2. Зианмæ ронбæгъдæй, цыбырдыс, фæлурс дарæсы, кæнæ æнæ сæрыдарæс цæуын.**

Уыцы домæнтæ хауынц, куыд нæлгоймæгтæм, афтæ сылгоймæгтæм дæр. Исчи сæ йæхи сæрæй не'рхъуыды кодта. Фæстæзаддзинады миниуджытыл дæр сæ нæй банымайæн. Фыдæлтæн сæ царды зонындзинæдтæй цæуынц, адæймаджы хæрамæй хъахъхъæнынц. Уæдæ айдагъ мах Æгъдауы домæнтæ дæр не сты. Кæд сæ нæ фарсмæ уырыс, стæй бирæ æндæр адæмтæ æххæст кæнынц, уæд уыцы домæнты ис мидис, дзæгъæлы нын нæ баззадысты.

**3. Зианы кæндты кæрæдзийæн хъæбыстæ кæнын, къухтæ исын.**

Уыдон сты цин кæныны миниуджытæ. Мард æвæрæн бон, зианы кæндты та цæуыл цин кæнæм, ахæмæй ницы вæййы.

**4. Дард рæтты чи нæ цæры, уыцы бинонтæ æмæ хæстæг хиуæтты номæй дидинбыдтæ (веноктæ) æлхæнын, газеттæ æмæ телеуынынады адæмы цæстмæ тæфæрфæс мыхуыр кæнын, уæлдайдæр – сабитæн тæфæрфæсгæнгæйæ.**

Иууылдæр сты æнæбындур, цæстмæмитæ, адæм сæ уынынц æмæ сыл худынц. Ницы мидис ис, зианмæ чи æрбацыд, уыдонæн сæхи номæй веноктæ хæссыны. Мард æмæ йæ бинонтæн венок-лæвæрттæ кæнын ницæмæн хъæуы. Стæмтæ æрдарынц сæ цæст, цы сыл вæййы фыст, уымæ дæр. Æрбацæуæгæйæ сæ иу æвдыст ракæнынц, стæй сæ машинæйы кæрæдзийы сæртыл бавгæнынц æмæ уый охыл уæлмæрдтæ æмæ æрдз пластик быронæй дзаг кæнынц.

**5. Кæрæдзийы цæстмæ сабæттагæн бирæ æхца фыссын.**

Уыцы миниуджытæ сты фыдынд, адæмы 'хсæн та – æгад. Æххуыс тынгдæр мæгуырæн хъæуы кæнын. Бонджынтæ уыйас æххуысхъуаг не сты.

**6. Фыдæбонгæнджытæн лæвæрттæ æлхæнын.**

Æгъдау материалон цæстæй куы барæм, кæрæдзийæн лæвæрттыл куы кæнæм æххуыс, уæд Æгъдау сæфтмæ цæуы. Хорздзинад лæвæрттæй фидгæ нæу.

**7. Зианы фынгыл æртæ кæрдзыны æвæрын.**

Æртæ кæрдзыны скæнынц Хуыцауы номыл, скувынæн. Зианы фынгыл кувын не'мбæлы, Хуыцауыл та бинонты фæдзæхсгæ бакæнæм. Скувыны фæстæ кæрдзынтæ хæлар чи кæны, уый йæхицæн Хуыцауы фыдæх агуры. Уыимæ разы чи нæу, уымæн æй йæхи бар уадзæм – рæстæг цæуы æмæ Фарн хæссы.

**8. Мыггаджы, бинонты арфæйæ рæгъ уадзын.**

Арфæ ракæнынц сыхбæстæ æмæ æрцæуæг адæмæн, нуазгæ та сæ номæй хъуамæ бакæной сæ хистæртæ. Уыдонæй дæлæмæ рæгъ уадзын æмæ нуазæнтæ дæттын зианы æгъдау здахы цинмæ, æмæ афтæ ма кæнæм.

**9. Хисты фынгтæй сæр æмæ бæрзæй дыккаг бонмæ уадзын. Афæдзы бон, фынгæй сыстгæйæ, уынджы арфæ кæнынмæ æрлæууын.**

Сæр æмæ бæрзæй хисты бон æмбæлы дыууæ дихы акæнын. Галиу фарсы хæйттæ æмбæлы арвитын, мыггаджы хистæртæй, йæ уавæрмæ гæсгæ зианмæ чи нал цæуы, ахæмæн. Рахиз фарсы хæйттæ – сыхбæстæйы хистæрæн. Цы фыдызгъæл, хойраг баззайы, уыдон дæр фæхъæуы байуарын.

Афæдзы бон фынгыл фæстаг рæгъæй ахицæн кæнынц зианы кæндтæ, бинонты дæр зианджынтæ уæвынæй суæгъд кæнынц. Уырдыгæй сыстгæйæ, фæстæмæ зианы æгъдауыл арфæ кæнынмæ æрлæууын уыцы бинонтæн у æлгъысты хуызæн, æмæ афтæ кæнын нæ фæтчы.

**10. Чырыны разæй кæстæрты чырыны сæримæ, веноктимæ, къамтимæ, хъæдын цыртимæ, дидинджытимæ æрвитын.**

Мард йæ хæдзарæй, чырыны æвæрдæй, рацæуы йе'нусон фæндагыл. Йæ разæй хъуамæ мачи цæуа, йæ фæндаг ын ма лыг кæна. Нæ фæтчы. Уымæн фæкæсæм æнхъæлмæ, цалынмæ мардласæн катафалк размæ анкъуыса, уæдмæ. Чырыны разæй кæстæрты, йæ сæримæ, веноктимæ, дидинбыдтимæ, къамимæ, хъæдын цыртимæ æрвитыны фæтк фæзындис фæстаг 40-50, азты, телевизортæ æмæ кинотæй. Уый размæ нæм никуы уыдис.

**11. Марды къам уæлмæрдтæм хæссын.**

Уæлмæрдмæ цы хæссæм, уый хъуамæ уым баззайа. Фæстæмæ дзы хæссæн ницы ис. Растдæр у къам чырынæй йæ ахæссыны размæ сисын æмæ йæ хæдзары сæвæрын, раздæр куыд кодтой, афтæ.

**12. Сылгоймæгты фынгыл карз нозт æвæрын.**

Фынгтыл æвæрд карз ноздæй сылгоймæгты æгад кæнæм. Хуыздæр уаид, сæхæдæг-иу æй куы айсын кæниккой.

**13. Чырыны раз митинг, кæнæ саударæн æмбырд «гом кæнын» – «æхгæнын» (партион-профцæдисон митæ фæзмгæйæ), «Кæй ма фæнды зæгъын?» фæрсын.**

Схъæлæс кæнын ма дзы фæхъæуы: «Разы чи у, уый йæ къух сдарæд». Уыцы митæ фæзындысты советон дуджы, хæсты фæстæ, алы бон æмбырдты куы бадтыстæм, уæд. Æгъдаумæ ницы бар дарынц, фыдынд æй кæнынц, æмæ сæ хъæуы аппарын. Баргонд кæмæн вæййы, уый хъуамæ сарæхса йæ хæс æнæ уыцы ныхæстæй баххæст кæнын.

**14. Чырыны раз бирæ (5 минутæй фылдæр) дзурын, æмдзæвгætæ кæсын, æмбисæндтæ хæссын.**

Бирæты дæргъвæтин ныхасæй адæм схъыг вæййынц, фæлæ сæхæдæг нæ хатынц, æгæр бирæ кæй дзурынц, уый. Дзурын чи уарзы, уый йæ дæсныйадæй æндæр ран пайда кæнæд. Чырыны раз та хъæуы цыбыр æмæ мидисджын ныхас, адæм æй куыд хъусой, афтæ. Уыимæ дзурджытæй алкæуыл дæр хицæн хæс æвæрд вæййы, кæрæдзийы ныхас фæлхат кæнын аив нæу.

**15. Чырын, сисгæйæ, зилын, къул кæнын.**

Нæу мах æгъдау, нæй дзы мидис. Лæгæн йæ уд буарæй ахицæн вæййы, æмæ уыцы мардæн нал ис ракæсæн йæ хæдзармæ. Ныууадзæм кæйдæр æрымысгæ митæ кæнын.

**16. Чырыны раз фæндыртæй, уадындзтæй, иннæ музыкалон инструменттæй цæгъдын.**

Æнæ мидис, æнæ уаг, æххуырсгæ цæстмæмитæ. Фылдæр адæмы зæрдæмæ нæ цæуынц. Нæ уыдысты 1960-æм азты размæ, æмæ хуыздæр уыдзæн сæ ныууадзын.

**17. Зианы фынгыл бирæ бадын, тамако дымын, хъæрæй дзурын.**

Уыдæттæ раст кæмæ кæсынц, уыдон Æгъдау æмæ Æфсармæй дард лæууынц. Иу сахат æнæ тамако дымгæ чи нæ фæразы, уый иумæйаг фынгыл куы нæ бада, уæд хуыздæр йæхицæн дæр æмæ адæмæн дæр.

**18. Хæрнæджы фынгыл бæгæны, адджинæгтæ, цалдæр хъарм хæринаджы æвæрын.**

Уыцы фынг сихор бахæрын æмæ гуыбын бафсадынæн нæу. Мæрдджынтæ хъуамæ ма тырной æрцæуæг адæмы «хорз фæхынцынмæ». Æгъдау домы, чы ацыд, уымæн рухсаг зæгъын, фынгыл æвæрд хойраг ныххæлар кæнын. Бирæ хæрзад хæринæгтæй йæ куы байдзаг кæнай, уæд дæ зианæй бæрæгбон аразыс, æмæ уый худинаг у. Уыдæттæ кæмæйдæр æрбайсгæ æгъдæуттæ сты, мах фыдæлты Фарнмæ ницы бар дарынц. Бæгæны Сатана кувынæн саразта, хæрнæджы фынгыл æй æвæрын не'мбæлы. Уыцы домæн хауы дзыккамæ, стæй физонæггонд фыдызгъæлмæ дæр.

**19. Зианы фынгыл æрыгон лæпптæ æмæ чызджыты бадын кæнын.**

Сывæллæттæ æмæ æрыгон фæсивæд раздæр иумæйаг фынгыл бынтондæр нæ бадтысты. Уымæй уæлдай ма дзырдтой, мардмæ хæрам тыхтæ æмхиц сты, æмæ æрыгон, лæмæгъ буар кæстæрæн уыцы ран уæвын æдас нæу. Иннæмæй та, арæх фынгыл фæбадынц сæ хистæртæ дæр, æмæ уæд уыцы кæстæртæ уыдоны æгад кæнынц.

**20. Иунæгæй тæфæрфæс кæнынмæ цæуын.**

Иу лæг, тæфæрфæс кæнгæйæ, цалдæр хистæры куы сыстын кæны, уæд уый æнæгъдау ми у. Хъæуы дæрддзæф чысыл анхъæлмæ кæсын æмæ, мардмæ чи цæуы, ахæмтимæ иумæ бацæуын.

**21. Мардæвæрæн бон куыйты уынгмæ уадзын.**

Нæ хистæртæ æфсæрмы кодтой кæрæдзийæ, стæй адæмæй. Сæхи хызтой искæй бахъыгдарынæй. Уый Æгъдауы домæнтæн сæ сæйрагдæртæй уыдис. Уымæн-иу мардæвæрæн бон уынгмæ сæ куыйты нæ уагътой, ома, макæй батыхсын кæной. Ныр бирæтæм уыцы æфсарм нал ис, æмæ хъæуты зианы бон къæхты бын гæпгæнæг æмæ кæрæдзимæ лæбурæг куыйтæ мардмæ æрцæуæг адæмы тынг стыхсын æмæ стæрсын кæнынц.

**22. Зианы фынгыл, цы рæгъытæ æмбæлы, уыдонмæ хи хъæппæрисæй æфтауын.**

Цы æмбæлы, уый фылдæр хистæртæ сæхæдæг хорз зонынц. Цæгат Ирыстоны дæс рæгъæй фылдæр хъуамæ ма уой. Фæлæ сæм а фæстаг рæстæг чидæртæ сæхи зондæй æфтауын райдыдтой ныры рæстæгмæ гæсгæ рæгъытæ: «Хæдзары хистæртæн рухсаг», «Тохы быдыры чи ис, уыдоны цæрæнбон», «Йæ цард чи ратта, уыдонæн рухсаг», æмæ афтæ дарддæр. Уыцы фæндаг нæ Æгъдауæй тынг адард кæндзæн. Сæрмагонд адæймаджы номыл æвæрд фынджыдзагмæ ис фидар домæнтæ. Халæн сæ никæцы æфсонæй ис.

**23. Дыууиссæдзæм æмæ афæдзы бонтæм дæрдтыл æрвитын, бирæ адæм хонын.**

Ацы кæндтæн цы нысан ис, уый чи не'мбары, уыдонæн алы бадт дæр иухуызон у – хæрын æмæ нуазынæн. Уæд ис æрхонæн мин адæймаджы дæр. Уыцы кæндтæм æмбæлы æрмæстдæр хæстæг хиуæттæ æмæ сыхбæстæм фæдзурын.

**24. Фæндæгты былтыл цыртытæ æвæрын.**

Иу мардæн дыууæ цырты æвæрын нæ фæтчы, фæндæгты былтыл фыдбылыз хæссынц, æмæ ма кæнæм уыдæттæ. Цы дзы æрцыд æвæрд ивгъуыд азты, уыдон дæр гæнæн-амалæй сисын хъæуы, дыууæ кæрдзыны ныххæларгæнгæйæ, æмæ, кæмæн уыдысты æвæрд, уыдонæй хатыр ракургæйæ. Фæндагыл чи фæмард, уымæн уыцы бынаты ис ныссадзæн нæзы бæлас, парчы сæвæрæн йæ номыл фæлладуадзæн бадæн, æндæр хорздзинад саразæн, кæцытæ адæмæн æхсызгондзинад хæсдзысты бирæ азты дæргъы.

Хъæугæ чиныг

# «Нана Бибойæн зарыди»

**«Рæстдзинад»-ы редакцимæ æфсæрмытæгæнгæ æрбацыд, мæнæ йе 'гъдау йæ разæй цæуы, зæгъгæ, кæмæй фæзæгъынц, ахæм нæлгоймаг, Джызæлы цæрæг КЪУБАЛТЫ Геор. Мæнæ, дам, сывæллæттæн чиныг бацæттæ кодтон, æмæ бæззы æви нæ, уымæ мын исчи куы 'ркæсид, сымах уæддæр ирон æвзаджы фарны артдзæст стут, зæгъгæ. Чиныг хуыйны «Нана Бибойæн зарыди». Ратта йын йæ чиныджы фыццаг æмдзæвгæйы сæргонд. Уым æрмæст йæ цыппар рæнхъæй дæр бæрæг у, Къубалты Геор литературон курдиатæй хайджын кæй у, уый:**

**Нана Бибойæн зарыди,**
**Аргъæуттæ дзырдта.**
**Уæддæр Бибо нæ бафынæй –**
**Бафынæй Нана.**




Къубалты Геор, Джызæлы астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ, ахуыр кæнынмæ бацыд Дзæуджыхъæуы аивæдты училищæмæ. Каст æй фæцис 1982 азы. Уый фæстæ йæ хъæуы промышленнон-монтажгæнæн комбинаты аивадон цехы куыста нывгæнæг-фæлгонцгæнæгæй. Фæлгонц кодта рестораптæ æмæ æндæр хъуыддæгтæ. Дзæуджыхъæуы Гастеллойы уынджы кадетты скъолайы дæр уыд нывгæнæг-фæлгонцгæнæг, Джызæлы Ногдзауты хæдзары – нывгæнынады ахуыргæнæг.

Ныртæккæ кусы хъахъхъæнæгæй. Йæхи хæдзары байгом кодта хъæдгуыстгæнæн æрмадз æмæ дзы аразы табуреткæтæ, æртæкъахыг бандæттæ...

Фыссын куыдæй райдыдтай, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд, дам-иу, мæ сывæллæтты къухты фылдæр уырыссагау фыст чиныгуытæ куы федтон, уæд мæ бафæндыд ирон чиныг ныффыссын, уымæн æмæ сывæллон хъуамæ фыццаг йæ мадæлон æвзаджы сыгъдæг суадонæй баназа, стæй, куыд фæзæгъынц, адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у...

Уыцы зондыл æй ахуыр кодтой Джызæлы астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ **Дойаты Наталья** æмæ **Плиты Солтан**.

Чиныджы мæ зæрдæмæ уæлдай тынгдæр фæцыд æмдзæвгæ «Гуыл». Æмдзæвгæты хъайтар йæ нанайы конд гуыл цалдæр дихы кæй акодта æмæ дзы иннæты дæр кæй фæхайджын кодта, уый дзурæг у, цæстуарзон, нæртон кæй у, ууыл. Йæ чысыл гуыл йæхи фаг йеддæмæ нæ уыд, фæлæ йæ уæддæр цалдæр дихы акодта:

**Акодта Нана мын гуыл.**
**Ратыдтон дзы иу гыццыл.**
**Раттон уыцы хай Дадайæн,**
**Ноджы ма – гæбаз Нанайæн.**

**Расастон ма дзы Хъусойæн,**
**Иу ахæм та ма – Гинойæн.**
**Муртæ рауыгъта Дзибо,**
**Иннæ ахордта Бибо.**

Ацы чиныг сывæллæтты рæвдауæндæттæн, скъолаты райдайæн къласты ахуырдзаутæн хорз лæвар кæй уыдзæн, уый бæрæг у.

**АБАЙТЫ Эдуард**

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад

# Æдзæллаг уавæрмæ æрцыдысты

**Цардæн иу ран лæууæн нæй, æмæ хорз вæййы, йæ адæмæн циндзинад æмæ ныфсдæттæг уавæртæ куы фæфылдæр вæййынц. Стыр æхсызгондзинад хæссы, бонæй-бонмæ нæ горæты фæлгонц рæсугъдæйрæсугъддæр кæй кæны. Зæрдæ барайы, йæ уынгты цæугæйæ, сæ рæсугъддзинадмæ кæсгæйæ.**

Диссаджы аивгонд æрцыдысты æппæт фæлладуадзæн бынæттæ дæр. Уæдæ æппæтфадатджын бирæуæладзыгон ног хæдзæрттæн дæр нымæц нал ис – фæскъæвда зокъотæ куыд сбирæ вæййынц, афтæ бонæй-бонмæ фылдæр кæнынц. Фæлæ ис адæммæ иу риссаг фарста. Æнусы æрдæгæй фылдæр цы хæдзæрттыл цæуы, уыдон бæрнон бынæтты бадæг хицауадæй æнæ цæстдард цæмæн æййафынц? Нæ хистæртæеиу афтæ загътой: «Хæдзарæн æдзухæй дæр йæ хъусы ныхæстæ хъæуы», – ома йæм цæст дарын хъæуы. Мах цæрæм Ирыхъæуы завод «Топаз»-ы хæдзары. Цалынмæ завод йæ къæхтыл лæууыди, уæдмæ йæм уыди заводы 'рдыгæй æмбæлгæ цæстдард. Йæ сæр-иу ын бамбæрзтой, йæ бахизæнтæ та-иу ын фондз азæй-фондз азмæ цалцæг кодтой, сцагътой-иу къултæ, ныххафтой-иу къултæн сæ ахуырст æмæиу сæ ногæй сахуырстой.



Зæрдæ ради, ахæм рæсугъддзинадмæ кæсгæйæ. Завод йæ куыстæй куы 'рлæууыди, уæдæй абонмæ хæдзар лæвæрд цыди иу цæрæнуатон-коммуналон лæггадгæнæг хæдзарадæй иннæмæ, фæлæ дзы иу дæр йæхицæн хæсыл никуы банымадта хæдзары уавæрмæ æркæсын, цæрджыты домæнтæм байхъусын æмæ аккаг æххуыс бакæнын. Æдзæллаг уавæрмæ æрцыдысты хæдзарæн йæ цыппар æрбацæуæны дæр. Хуыздæр уавæры не сты, хæдзары сæрæй цы доны трубатæ цæуы, уыдон дæр. Згæ сæ бахордта, æмæ сау-сауид æрттивынц, кæмдæрты та гом фесты, æмæ, уарын бонтæ куы вæййы, уæд фатертæм дон хъарын байдайы, къултæ схъулæттæ вæййынц, сæ обоятæ рафæлдæхынц. Фатер сцалцæг кæнын та æнцон нæу, уæлдайдæр, азтæ сæ уæз кæуыл æруагътой, советон дуджы хъазуатон куысты чи бахсысти, ахæм адæймæгтæн. Уæлдай зындæр уавæры сты кæройнаг 1-æм æмæ 5-æм уæладзджыты цæрджытæ. Бирæ хатт бахъæуы хи фæрæзтæй аиуварс кæнын сæвзæрæг уавæртæ – хæдзары сæр æмæ пъадвалы доны хæтæлтæм базилын.

Абон дæр бæргæ ис цæрæнуатон-коммуналон лæггадгæнæг хæдзарæдтæ, фæлæ адæмы риссаг фарстатæм æргом здæхæг нæй.

Кæдæм ма фæхæссæм нæ хъаст, чи нын бамбардзæн махæн нæ маст?

**Хæдзары**
**цæрджыты номæй**
**ЦÆРУКЪАТЫ Азæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Цæрджытæн æххуыс кæнын – йе стырдæр нысан



**Æрыдоны хъæуæй рацыд рæсугъд суинаг фæсивæд, райстой уæлдæр ахуырад Дзæуджыхъæуы. Саккаг сын кодтой алыхуызон бæрнон нæмттæ, зæгъæм: профессоры, наукæты кандидаты нæмттæ. Фæлæ се 'хсæн ис ахæм дæсныйæдты минæвæрттæ, æмæ се 'рвылбоны архайд ирдæй зыны æхсæнады. Уыдонæй иу у мæ уацхъуыды хъайтар.**

Плиты Зауыры чызг Жаннæ райгуырдис 1974 азы зæхкусæг бинонты 'хсæн. Кусынхъом куы фæцис, уæд ныййарджытæн, йæ бон куыд уыд, афтæ æххуыс кодта хæдзары æмæ быдыры куыстыты дæр. Каст фæцис Æрыдоны 2-æм астæуккаг скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ æмæ 1993 азы бацыд медучилищæмæ. Райста сырх диплом 1996 азы æмæ райдыдта кусын Æрыдоны центрон клиникон рынчындоны хирургийы хайады медицинон хойæ. Æхсæв-иу рынчындоны баззад, тыхст рынчыниу куы æрбаластой, уæд. Рынчынтæ тынг разы уыдысты йæ бæрнон архайдæй. Афтæмæй дзы бакуыста дыууæ азы. Нæ хъæуккаг Фидараты Кимимæ дæр базонгæ сты уыцы рынчындоны. Кæрæдзийы зæрдæмæ тынг фæцыдысты.

Ким йæ хæдзармæ, Быдыры Дæргъæвсмæ, æрхуыдта диссаджы рæсугъд æмæ ахуыргонд сылгоймаджы. Жаннæйæн ис куырыхон мад æмæ фыд, æмæ чызг сæ хуыздæр миниуджытæй фæхайджын. Мыггаджы, хæстæджытæ æмæ хъæубæсты зæрдæмæ тынг фæцыд. Дунейы рухсмæ сын рантысти диссаджы цот – дыууæ лæппуйы æмæ чызг. Адæймагæй исты куы сриссы, уæд æй дохтыры кусæн уатмæ скæны, цæмæй йын баххуыс кæна. Быдыры Дæргъæвсы амбулатори цалцæггонд æрцыдис иттæг хорз. Ис дзы боны стационар дæр. Жаннæ дохтыры рафыст уколтæ, капельницæтæ кæны хицæн уаты, тыхст рынчынтæн та – сæ хæдзары.

Хъыгагæн, рынчын адæм бирæ ис, уæлдайдæр та, хъæуы чи цæры, уыдоны фылдæр хай ацæргæ сты. Жаннæ кусы алы кары адæмимæ, уымæ гæсгæ йæ схуыдтой «бинонты дохтыр». Йе 'рбакъахдзæф кæнынæй нырмæ зæрдиагæй лæггад кæны хъæубæстæн. Дæргъæвсæгтæ уæздан адæм сты, дохтыры куыстæн аргъ кæнын зонынц, стæй зыдтой кæддæриддæр.

– Фылдæр адæм хъæрзынц зæрдæйы, афæдзы ацы афоны – улæфæнты низтæй, туджы æлхъывдады бæрзондадæй, æмæ сын нæ бон æмæ нæ авналæнтæ куыд сты, афт æххуыс дæттæм, – зæгъы Жаннæ.

Ацы фæлмæнзæрдæ адæймагæн мæ зæрдæ зæгъы, фыццаджыдæр, æнæниздзинад, бинонты цардамонд, йæ кæстæрты хорздзинæдтæй бафсæдæд!

**ДРЕТЫ Маргаритæ,**
**Быдыры Дæргъæвс**

Аивад

# Æвæджиауы музыкалон цау



**Бетъырбухы Мариинаг театры цæгатирыстойнаг филиалы концертон залы чи ацыд, нæ республикæйы аивадуарзджытæ уыцы æвæджиауы музыкалон цаутæн æвдисæнтæ систы.**

Нæ бæстæйы рагондæр музыкалон коллективтæй иу – Ростов-Доны академион симфонион оркестр цæгатирыстойнæгтæн равдыста мидисджын концерт «Стыр оркестр – стыр истори». Ацы аз нæуæдз азы кæуыл æххæст кæны, уыцы музыкалон коллективы концерт нымад у оркестры юбилейон балцы æнæуаргæ хайыл.

Сæйраг дирижер Антон Шабуровы разамындæй оркестр равдыста стыр дæсныдзинад. Дзæуджыхъæуккаг аивадуарзджытæ хорз кæимæ зонгæ сты, концерты уыцы солисткæ, дунеон конкурсты лауреат Зæринæ Шиманская фортепианойæ иттæг дæсны ацагъта. Музыкалон изæры программæмæ бахастæуыд Сергей Рахманиновы оркестримæ фортепианойæн концерт № 2, Петр Чайковскийы симфони № 4 æмæ æндæр уацмыстæ.

1935 азы 12 октябры зындгонд музыкант Бруно Берман Ростов-Доны кæй сарæзта, уыцы академион симфонион оркестр нæ бæстæйы аивадон рæзтмæ бахаста егъау æвæрæн. 2021 азæй нырмæ оркестрæн разамынд дæтты курдиатджын дирижер Антон Шабуров.

Дзæуджыхъæуккаг аивадуарзджытæ оркестры зæрдæмæдзæугæ концертæй разыйæ баззадысты.

**ÆЛБОРТЫ Зæлинæ**

Номарæн

# Сылгоймаджы арфæйаг миниуджытæй хайджын уыд



Адæймаг бирæ фæцæра æви гыццыл, уæддæр иу бон йæ цардæн кæрон æрцæуы. Йæ цардвæндаджы кæрон æрцыд нæ уарзон адæймаг Богазты Варварæ (Варычкæ – ииуылдæр æй буцæн афтæ хуыдтой) Гæбæты чызгæн дæр. Богазты Варварæ райгуырд кадджын хъæу Заманхъулы, хъомыл кодта бирæ бинонты ‘хсæн. Астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ райста медицинон дæсныйад. Кæд йæ равзæрд дæсныйады нæ фæкуыста, уæддæр æм лæууыд æмхиц – рынчын адæймагæн цæстуарзон æххуыс бакæнынмæ уыд рæвдз. 1957 азы йæ цард баиу кодта Богазты Зауырбеджы фырт Арсæмæгимæ. Заманхъуйлаг Дзиуаты Гæбæты чызг Варычкæ Богазты хæдзармæ фæрныг къах бавæрдта. Æнæхъæн сыхбæстæйæн дæр фæцис амондмæ хонæг адæймаг. Ирон æгъдау парахатгæнæг уæвгæйæ, йæ архайд уыдис хистæртæн æгъдау дæттынил, æрыгæттæн та – царды уæз амонынил. Стыр аргъ ын кодтой хиуæттæ, хæстæджытæ, йæ бирæ зонгæтæ, уымæн æмæ йæ архайд уыд æнгомдзинадыл. Йæ цардæмбалимæ сын рантыст æртæ фырыхъулы хуызæн лæппуйы – Олег, Гермæн æмæ Зелимхан. Азтæ цыдысты, æмæ Варычкæйæ рауад куырыхон хистæр сылгоймаг, зондамонæг, хæдзары ‘фсин. Йæ рæстæджы зæрдиагæй бирæ фæлæггад кодта йæ хицау æмæ йе ‘фсинæн. Уымæ гæсгæ, куы ‘руатон йæхæдæг, уæд мах дæр архайдтам, куыд нæ бон у, афтæ, цæмæй æппындæр мацы хъуаг уа. Не ‘фсин сылгоймаджы арфæйаг миниуджытæй хайджын кæй уыд, уый тыххæй йын стыр кад кодтой æрмæст йæхи кæстæртæ, хиуæттæ æмæ къабæзтæ нæ, фæлæ сыхбæстæ, хъæубæстæ æмæ, йæ цард кæимæ сбаста, уыцы мыггаджы минæвæрттæ. Варычкæ сæкæрнизæй рагæй уыд рынчын, фæлæ ма зæрдæниз та райста, йæ хъæбул Гермæн цæрынхъуагæй Барастырмæ куы фæтагъд кодта, уæд. Кæд хæрдмæ ницы уагъта, уæддæр йæ лæппуйæ кæй фæхъуыд, уыцы маст мидæгæй йæ кæнон кодта... Йæ зианы бон æм цы адæм æрцыд, уыдоны зæхх нæ урæдта, зæрдиагæй тæфæрфæс кодтой. Се ‘ппæты цæрæнбон дæр бирæ уæд. Зианы æгъдæуттæ фидинаг макæмæн фæуæнт, фæлæ не ‘нгомдзинад фидардæр кæнæд. Богазтæ та уыцы æппæт дзыллæтæм фæцæуæнт цинтæм. Варычкæ, де ‘цæг дунемæ ацыдтæ, æмæ дын дзæнæты цъæх нæууыл бынат уæд. Рухсаг у.

**Дæ чындзытæ Ларисæ æмæ Алисæ**

Ирон театры 90 азы юбилеймæ

# Хъариаты Тамарæ – сценæйы дæсны

**Национ наукон библиотекæйы залы уыд Уæрæсейы Федераци æмæ нæ республикæйы адæмон артисткæ, драматург, режиссер, аивадиртасæг, прозаик Хъариаты Тамарæйы номарæн изæр. Арæзт æрцыд Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон академион театры сарæзтыл 90 азы сæххæсты юбилейы кадæн Национ наукон библиотекæ, Театралон архайджыты цæдис æмæ Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы хъæппæрисæй.**









Ирон сценикон аивады дæсны Хъариаты Тамарæ уыд ирон профессион театры фыццаг артисттæй. Йæ сфæлдыстадон архайд уыд бирæвæрсыг. Куыд героикон-романтикон актрисæ, афтæ театры сценæйы сарæзта драмон æмæ трагедион спектакльты дыууæсæдæ сурæтæй фылдæр. Йæ курдиаты бирæвæрсыг хорзæхæй рæдауæй хай кодта суинаг артисттæн. Уыд Ирон театры цур скъола-студийы ахуыргæнæг дæр.

Хъариаты Тамарæйы номарæн изæры архайдтой Ирон театры алы фæлтæрты артисттæ, сфæлдыстадон цæдисты минæвæрттæ, библиотекæтæ æмæ музейты кусджытæ, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл аивæдты факультеты театралон аивады хайад æмæ Культурæйы республикон колледжы студенттæ, зындгонд актрисæйы хиуæттæ æмæ хæстæджытæ, чиныгкæсджытæ æмæ аивадуарзджытæ.

Ирон профессион сценикон аивады стыр дæсны Хъариаты Тамарæйы цард æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон архайды тыххæй йæ номарæн изæры бæлвырд радзырдтой: Национ наукон библиотекæйы хайады методист, номарæн изæры сценарийы автор æмæ амонæг **Хъараты Ритæ**, фыссæг, публицист **Гусалты Барис** æмæ ацы рæнхъыты автор, Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт æмæ нæ республикæйы адæмон артисттæ, Ирон театры сæйраг режиссер **Сæбанты Тамерлан** æмæ **Медойты Светланæ**. Уый ма азарыд йæ вокалон репертуарæй, Хъариаты Тамарæйы номыл цалдæр зарæджы. Номарæн изæры архайджытæ цымыдисæй бакастысты, Хъариаты Тамарæ цы спектакльты архайдта æмæ йыл цы телеравдыстытæ арæзт æрцыд алы азты, уыдонæй ист скъуыддзæгтæм.

Сæ музыкалон курдиатæй фысымтæ æмæ уазджыты зæрдæтæ барухс кодтой æрыгон курдиатджын музыканттæ **Лохты Тельмæн** æмæ **Кокойты Марат**.

Сæрмагондæй номдзыд артисткæйы мысæн изæрмæ цæттæгонд æрцыд йæ цард æмæ сфæлдыстадыл дзурæг къамтæ, портреттæ, чингуытæ, документтæ, йæхи къухтæй арæзт куклаты, газеттæ æмæ журналты алы азты мыхуыргонд æрмæджыты цымыдисаг равдыст. Йе ‘рмæджытæ та ист æрцыдысты Национ наукон библиотекæ, Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы æмæ Театралон музейты, Паддзахадон телерадиокомпани «Алани»-йы фондтæй, Хъариаты Тамарæйы хиуæттæ æмæ хæстæджыты хи архивтæй.

**ГАСАНТЫ Валери, Дзæуджыхъæуы Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон литературæйы музейы хистæр зонадон кусæг**

Цыбыр радзырд

# Бурæнæлфысы æмбисонд

Саухалмæ цæваг тохъыл уыд, æмæ йæ иннæ фосæй хицæнæй дардта. Иннæ фосæй уæлдай йæ хъулон уарзт кодта. Уæдæ йын ном дæр æвзæр нæ ратта – Бурæнæлфыс!

*– Баба! Нæ фосы нын бирæгъ фæцагъта! – Иу изæр Буги удаистæй хæдзары смидæг.*

*– Æмæ цы фæцис ныр? – фæрсы Саухал.*

*– Скъæты дуар ыл сæхгæдтон, æмæ йæ уым амарæм! Кæм ис топп?*

*– Топп нæ ницæмæн хъæуы, лæппу.*

*– Уæдæ йæ дуртæй марæм?!.*

*– Цæй æмæ йæм Бурæнæлфысы бауадзæм, – дзуры Саухал, – уый йын фенын кæндзæн!..*

*Бассыдтой тохъылы скъæтмæ. Иу цасдæры фæстæ Саухал дуарыл йæ хъус авæрдта:*

*– Афонмæ йын нæ богъдаби тохъыл йæ фæрсчытæ ныммур кодта!*

*Дуар бакодтой æмæ ... бирæгъ сæ сæрты расæррæтт ласта. Агæпп кодта цæхæрадонмæ æмæ уым æрбайсæфт.*

*Саухал скъæты фæмидæг. Уайтагъд фæстæмæ рауад æмæ йæ къухтæ арвмæ ивазы:*

*– Уæ, Тутыр, дæлæмæ æрхауай, кæд бирæгъæн дæндæгты бæсты алмаситæ цæмæн раттай, уæд! Мæнæ мын мæ Бурæнæлфысы куыд адзæнгæл ласта, – ныккуыдта Саухал.*

***СЛАНТЫ Руслан***


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ




**Продаем конский перегной в мешках. Доставка бесплатная. Рекомендации по применению – на месте. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-989-914-85-41 (Руслан).**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова. Гарантия работы – 30 лет. Работают профессионалы. Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек), 8-928-484-24-58 (Хамиц).**



**Металлоизделия, двери, ворота, навесы из лексана, покраска ворот. Тел.: 8-928-928-88-24.**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот. Тел.: 8-918-706-65-15 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ‘рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонил бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2715. Заказ № 1029. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**